



Pou Piblikasyon Imedya: 23/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON NOUVO RÈGLEMAN NAN NIVO NASYONAL,
POU ETABLI PWOTEKSYON KONPLÈ POU KONSOMATÈ YO KONSÈNAN PRÈ
ACHTE KOUNYE A, PEYE APRE**

Règleman yo mete an aplikasyon lejislasyon ki etabli yon kad lisans ak siveyans pou founisè prè Achte Kounye a, Peye Apre, epi yo egzije divilgasyon, estanda, limit, ak pwoteksyon sou konfidansyalite done yo

Li baze sou ajennda Gouvènè Hochul la pou pwoteksyon konsomatè yo, ki gen ladan premye lwa nan peyi a sou fikse pri pa siveyans, mezi pou konbat frè dekouvè, epi estandadizasyon retou ak ranbousman nan komès sou entènèt

Gade Règleman yo Pwopoze yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a anonse Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) a pibliye règleman yo pwopoze pou pwoteje Nouyòkè k ap itilize opsyon finansman Achte Kounye a, Peye Apre (Buy Now, Pay Later, BNPL). Règleman yo mete an pratik lwa Gouvènè Hochul te siyen kòm yon pati nan Bidjè Ane Fiskal 2026 li a, ki etabli yon kad lisans ak siveyans pou founisè prè Achte Kounye a, Peye Apre, epi li pwoteje konsomatè yo atravè egzijans pou divilgasyon, estanda pou rezolisyon konfli, limit sou frè, ak pwoteksyon konfidansyalite done yo.

"Twòp Nouyòkè aprann sa a nan move fason ke gen kèk pwodwi 'Achte Kounye a, Peye Apre' ki fèt pou pran yo nan pèlen avèk frè initil ak ti lèt nan kontra a ki twò konplike, olye yo ede yo bati yon avni finansye ki estab," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo règleman nan nivo nasyonal sa yo asire antite k ap bay prè yo konnen gen divilgasyon klè, limit sou frè, ak yon sipèvizyon reyèl, pou fanmi yo pa tonbe nan yon espiral dèt pandan gwo konpayi finansye yo ap fè lajan."

Sirentandan Pwovizwa Depatman Sèvis Finansye Eta Nouyòk la, Kaitlin Asrow, te deklare, "Se responsablite pa nou pou asire inovasyon mache ansanm ak gwo pwoteksyon pou konsomatè yo, pou Nouyòkè yo ka itilize nouvo pwodwi finansye yo san danje epi an sekirite. Règleman sa a pral gide fason konpayi Achte Kounye a, Peye Apre (Buy Now, Pay Later) yo fonksyone nan eta a, pou pwoteje Nouyòkè yo kont frè egzajere ak move itilizasyon done pèsonèl yo, pandan li asire kondisyon prè yo klè epi transparan, epi gen yon pwosesis ki jis pou rezoud konfli."

Prè Achte Kounye a, Peye Apre yo ap vin de pli zan pli popilè, men pwodwi sa yo pa anba menm règ inifòm konsènan divilgasyon kondisyon prè yo, konfidansyalite done, rapò sou kredi, ak frè yo, jan lòt prè pou konsomatè dwe respekte. An 2025, Gouvènè Hochul te defann lwa ki etabli yon siveyans pi solid nan sektè finansye sa a k ap grandi rapidman. Lwa a kreye yon kad lisans ak siveyans ki konplè pou founisè Achte Kounye a, Peye Apre yo.

Règleman yo pibliye jodi a pral mete lwa sa a an aplikasyon lè yo:

- Etabli yon kad lisans ak siveyans pou nenpòt antite k ap fè aktivite Achte Kounye a, Peye Apre nan Nouyòk;
- Entèdi frè egzajere, tankou frè konvenyans, epi limite frè anreta ak lòt kalite frè penalite;
- Egzije antite k ap bay prè yo pou yo fè Nouyòkè yo konprann klè si y ap rapòte prè yo bay ajans rapò kredi yo;
- Etabli règ pou rezoud konfli konsomatè yo alè; epi
- Pwoteje done konsomatè yo kont move itilizasyon oswa eksplwatasyon.

Pwojè règleman sa yo reflekte konsiderasyon Depatman an te fè sou enfòmasyon ki te soumèt an repons a demann li te fè anvan pwosesis règleman an konsènan estrikti frè yo, pwosesis evalyasyon kredi, ak enpak limit sou frè ak enterè yo ka genyen sou evalyasyon ak operasyon pwodui Achte Kounye a, Peye Apre yo.

Règleman pwopoze a sijè a yon peryòd kòmantè anvan pwopozisyon an ki dire 10 jou, kòmanse jodi a. Yon peryòd kòmantè piblik 60 jou ap kòmanse depi moman yo pibliye règleman yo pwopoze a nan Rejis Eta a. Lwa a ak règleman an ap antre an vigè 180 jou apre yo adopte règ la, epi ap gen yon peryòd tranzisyon anplis pou antite ki deja ap ofri prè BNPL yo nan Nouyòk.

Anons sa a baze sou pwoteksyon konsomatè Gouvènè Hochul mete an plas nan peyi a. Kòm yon pati nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2026 la, Gouvènè Hochul te defann lwa pri ki baze sou siveyans done ki se premye nan peyi a, pou Nouyòkè yo ka fè chwa ki pi enfòme; anilasyon pi fasil pou abònman sou entènèt, estandadizasyon retou ak ranbousman pou acha sou entènèt, epi pwoteksyon ki pi solid kont frè dekouvè ki pa jis.

Vizite sit entènèt DFS la pou [revize règleman yo pwopoze a oswa voye kòmantè](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)